

PASINAON MAOS AKSARA JAWI

(Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1

Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)

TESIS

Kangge Hanjangkepi Saperangan Sarat

Anggayuh Drajat Magister Program Studi Pendidikan Bahasa



Kaanggit dening :

BEKTI WINOTO

NIM 10 PSC 01030

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2015

PASARUJUKAN

PASINAON MAOS AKSARA JAWI

**(Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1
Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun
Pelajaran 2013/2014)**

Kaanggit dening :

BEKTI WINOTO

NIM 10 PSC 01030


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong I

Tapak Asma

Tanggal


Prof.Dr. Sumarlam, M.S.
NIP. 19620309 198703 1 001



18-5-2015

Pamong II

Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum.
NIP. 19591004 198603 1 002



30-5-2015

Kauningan

Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa
Program Pascasarjana



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

PASINAON MAOS AKSARA JAWI

(Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1

Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun





Pelajaran 2013/2014)

Kaanggit dening :

BEKTI WINOTO

NIM 10 PSC 01030

Sampun Pikantuk Pasarujukan lan Pangesahan dening Tim Panguji :

| Jabatan | Nama | Tapak Asma |
|----------------|-----------------------------------|--|
| Pangarsa | Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd. |  |
| Panitra | Dr. D.B Putut Setiyadi, M.Hum, |  |
| Panguji 1 | Prof. Dr. Sumarlam, M.S. |  |
| Panguji 2 | Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum. |  |

Kauningan



Direktur Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd
NIK. 690115345

Ketua Program Studi
Magister Pendidikan Bahasa

Dr. D.B.Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingang tapak asma ing ngandhap punika, kula:

Nama : Beki Winoto

NIM : 10 PSC 01030

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun “PASINAON MAOS AKSARA JAWI (Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)” punika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* arupi dipuncabutipun *tesis* lan *gelar* saking *tesis* kasebat.

Klaten, 25 Februari 2015

Ingang damel pratela

Beki Winoto

MOTTO

Dikena Iwake, Aja Nganti Buthek Banyune

(Capailah segala sesuatu itu dengan cerdas tanpa sampai membuat kacau suasana, lakukan pekerjaan tanpa membuat efek negatif)

Sumber: Ensiklopedi Kebudayaan Jawa

PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisungsungaken dhumateng :

1. Semah kula Sunarminingsih ingkang tansah setya, sabar, suka panjurung saha pandonga amrih gancaring sedaya pakaryan kula.
2. Sedaya anak kula inggih punika Yusuf Juve Rifai, Khusnul Khotimah, Risang Dananjaya saha Risang Abimanyu ingkang tansah paring asung panjurung lan ingkang tansah damel mongkog miwah bingahing manah.

ATUR SAPALA

Puji Syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Inggang Mahaagung, awit sih rahmating Gusti lan lubering sih kanugrahan inggang agung, panaliti saged nyekapaken tesis kanthi irah-irahan “PASINAON MAOS AKSARA JAWI (Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)”. Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge anggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Minangka panaliti kula nglenggana kathah sanget paranpara ing Program Studi Magister Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten inggang paring pambyantu, panjurung, tuwin tuntunan ngantos purnaning panyeratan tesis punika. Panganggit ngaturaken agunging panuwun inggang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd Rektor Universitas Widya Dharma Klaten inggang sampun paring *fasilitas*.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd Direktur Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten, inggang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten inggang sampun paring panjurung panganggiting tesis punika.

4. Prof. Dr. Sumarlam, M.S. minangka dosen pamong 1, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebeting nyekapaken tesis punika.
5. Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum. minangka dosen pamong 2, ingkang paring pitutur saha panuntun tesis punika.
6. Tantan Rustandi, S.Pd Pangarsa SLB Negeri 1 Yogyakarta, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
7. Sedaya pihak ingkang mboten saged panaliti sebataken setunggal baka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud punapa kemawon satemah *tesis* punika saged kacekapaken.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, panaliti inggih jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan, awit saking punika panaliti antu-antu panyaruwe saking para kadang pamaos. Pungkasaning atur, ing pangajab *tesis* punika wonten guna paedahipun tumrap pamekar-ngrembakanipun basa tuwin sastra Jawi. Matur nuwun.

Klaten, 25 Februari 2015

Panaliti

DHAFTAR ISI

| | |
|-----------------------------------|------|
| PASARUJUKAN | i |
| PANGESAHAN | ii |
| PRATELA | iii |
| MOTTO | iv |
| PISUNGSUNG | v |
| ATUR SAPALA | vii |
| DHAFTAR ISI | viii |
| DHAFTAR CEKAKAN | xi |
| DHAFTAR GAMBAR | xii |
| DHAFTAR SIMPINGAN | xiii |
| SARIPATHI | xiv |
| ABSTRAK | xv |
| <i>ABSTRACT</i> | xvi |
| BAB I PURWAKA | 1 |
| A. Lelarahaning Prakawis | 1 |
| B. Idhidentifikasi Prakawis | 6 |
| C. Wewatesaning Prakawis | 7 |
| D. Rancanganing Prakawis | 7 |
| E. Ancasing Panaliten | 8 |
| F. Mumpangating Panaliten | 8 |

| | |
|---|----|
| BAB II LAMBARAN TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT, LAN | |
| RAGANGAN PAMIKIR | 10 |
| A. Lambaran Teori | 10 |
| 1. Pasinaon | 10 |
| a. Hakikat Pasinaon | 10 |
| b. Ancas lan Lampahing Pasinaon | 12 |
| c. Modhel Pasinaon | 14 |
| d. Evaluasi Pasinaon | 16 |
| 2. Maos | 18 |
| 3. Aksara Jawi | 19 |
| a. Pangertosan Aksara Jawi | 19 |
| b. Makna Filosofi Aksara Jawi | 20 |
| c. Aksara Jawi Carakan | 21 |
| d. Sandhangan..... | 25 |
| 4. Studi Kasus | 29 |
| 5. Tunagrahita | 30 |
| B. Panaliten ingkang Gayut | 34 |
| C. Ragangan Pamikir | 35 |
| BAB III METHODHOLOGI PANALITEN | |
| A. Papan lan Wekdal Panaliten | 39 |
| B. Wujud lan Strategi Panaliten | 40 |
| C. Jinising Dhata lan Sumber Dhata | 41 |
| D. Teknik Ngempalaken Dhata | 41 |
| 1. Observasi | 42 |
| 2. Cathetan ing Papan Kadadosan..... | 44 |
| 3. Wawancara | 45 |
| 4. Dhokumentasi | 46 |

| | |
|--|-----|
| E. Validitas Dhata | 49 |
| F. Teknik Analisis Dhata | 50 |
| G. Jadwal Panaliten | 52 |
| BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN..... | 53 |
| A. Dhata Ingkang Kapanggihaken | 53 |
| 1. Rancangan Pasinaon | 54 |
| 2. Caranipun Pikantuk Pratelan Idhentitas Dhata | 55 |
| 3. Pratelan Idhentitas Dhata (PID) ing Panaliten | 57 |
| 4. Unit Dhata Utama (udhaut) ing Panaliten | 69 |
| B. Pangoncekipun Udhaut..... | 81 |
| BAB V PANUTUP | 160 |
| A. Dudutan | 160 |
| B. Implikasi | 161 |
| B. Pamrayogi | 162 |
| KAPUSTAKAN | 164 |
| SIMPINGAN | 167 |

DHAFTAR CEKAKAN

1. a : Aksara saking kolom nonverbal
2. ABK : *Anak Berkebutuhan Khusus*
3. D : Dwija
4. DNV : Dwija Nonverbal
5. DV : DwijaVerbal
6. KD : *Kompetensi Dasar*
7. KKM : *Kriteria Ketuntasan Minimal*
8. KTSP : *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*
9. NV : Nonverbal
10. PID : *Pratelan Idhentitas Dhata*
11. PKB : *Pendidikan Karakter Bangsa*
12. RPP : *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*
13. S : Siswa
14. SK : *Standar Kompetensi*
15. SLB : *Sekolah Luar Biasa*
16. SMPLB : *Sekolah Menengah Pertama Luar Biasa*
17. SNV : Siswa Nonverbal
18. SV : Siswa Verbal
19. UDHAUT : *Unit Dhata Utama*
20. V : Verbal

DHAFTAR GAMBAR

| | |
|---|----|
| 1. Trianggulasi..... | 17 |
| 2. Ragangan Pamikir Lampahing Pasinaon | 37 |
| 3. Pitung Langkah Penyediaan Dhata Utama..... | 48 |
| 4. Gangsal Langkah Analisi Dhata | 52 |

DHAFTAR SIMPINGAN

| | | |
|----|--|-----|
| 1. | RPP | 167 |
| 2. | Kurikulum Bahasa Jawa SLB N 1 Yogyakarta | 172 |
| 3. | Tektualisasi Pasinaon | 182 |
| 4. | Asil wawancara kaliyan siswa | 213 |
| 5. | Asil wawancara kaliyan dwija | 214 |
| 6. | Dhaftar Biji | 218 |
| 7. | Transkip Pasinaon | 219 |
| 8. | Profil Sekolah | 238 |
| 9. | Photo ing Panaliten | 239 |
| 10 | Rombongan Pasinaon | 241 |

SARIPATHI

Bekti Winoto, 10 PSC 01030 “PASINAON MAOS AKSARA JAWI (Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)”. Tesis : Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Rancanganing prakawis panaliten punika: (1) kados pundi lampahing pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014.

Metodhe ingkang kaginakaken inggih punika panaliten *kualitatif deskriptif* kanthi *pendekatan studi kasus* ing pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, semester ganjil, tahun pelajaran 2013/2014. Pratelan Idhentitas Dhata (PID) kapanggihaken saking asiling observasi kanthi ngrekam utawi nyoting. Asiling rekaman dipuntekstualisasi kanthi multi kolom ingkang dumados saking tapak-tapak jejaring (tajering). Saben tajering ngemot setunggal tema. Ingkang salajengipun karakit dados PID. Ing panaliten punika wonten 94 PID lajeng dipunredhuksi dados 74 Udhaut. Udhaut salajengipun dipunulas utawi dipunkaji. Ingkang dipunulas ngengingi aspek dwija, siswa, materi, metodhe, saha pambiji.

Adhedhasar pangoncekipun dhata, saged dipunpendhet dudutan: (1) lampahing pasinaon maos aksara Jawi (a) dwija kirang nguwaosi materi maos aksara Jawi, (b) materi samadya, (c) metodhe ingkang dipuncakaken *tanya jawab*, (d) pambiji ingkang katindakaken mboten saged kangge ngukur asiling pasinaon maos aksara Jawi, (e) sedaya siswa dereng saged maos aksara Jawi kanthi leres; (2) sabab musabab lampahing pasinaon maos aksara Jawi: (a) dwija kirang nguwaosi materi pasinaon awit dwija pendhidhikanipun sanes S1 basa Jawi, (b) materinipun samadya awit kajumbuhaken kaliyan *karakteristik Tunagrahita Ringan*, (c) metodhe ingkang dipuncakaken dereng jumbuh kaliyan ing RPP, (d) pambiji ingkang dipuntindakaken mboten saged kangge ngukur asiling pasinaon maos aksara Jawi awit siswa mboten maos ananging nirokaken dwija, (e) sedaya siswa dereng saged maos aksara Jawi kanthi leres awit para siswa dereng apal aksara Jawi legena, sandhangan lan pasanganipun.

Wosing tembung: Pasinaon maos aksara Jawi, SMPLB Tunagrahita Ringan, aksara Jawi, panaliten studi kasus

ABSTRAK

Bekti Winoto, 10 PSC 01030 “PASINAON MAOS AKSARA JAWI (Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)”. Tesis : Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Rumusan masalah penelitian ini adalah (1) Bagaimanakah pelaksanaan pembelajaran membaca huruf Jawa di kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014.

Metode yang digunakan adalah penelitian kualitatif deskriptif dengan pendekatan studi kasus pada pembelajaran membaca huruf Jawa di kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, semester ganjil, tahun pelajaran 2013/2014. Pernyataan Identitas Data (PID) diperoleh dari hasil observasi dengan cara merekam. Hasil rekaman selanjutnya ditekstualisasi dalam bentukl multi kolom yang terdiri atas tapak-tapak jejaring (tajering). setiap tajering mengandung satu tema maka tersusunlah PID. Dalam penelitian ini ada 94 PID kemudian direduksi menjadi 74 Udaut. Udaut ini kemudian dibahas. Pembahasan mengenai aspek guru, siswa, materi, metode, dan penilaian.

Berdasarkan analisis data, dapat disimpulkan (1) pelaksanaan pembelajaran membaca huruf Jawa: (a) guru kurang menguasai materi membaca huruf Jawa, (b) materinya sederhana, (c) pembelajaran menggunakan metode tanya jawab, (d) penilaian yang dilaksanakan tidak dapat digunakan untuk mengukur hasil pembelajaran membaca huruf Jawa, (e) semua siswa belum bisa membaca huruf Jawa dengan benar; (2) penyebab Pelaksanaan pembelajaran membaca huruf Jawa: (a) guru kurang menguasai materi membaca huruf Jawa karena latar belakang pendidikan guru bukan S1 bahasa Jawa, (b) materinya sederhana karena disesuaikan dengan karakteristik Tunagrahita Ringan, (c) metode yang digunakan belum sesuai dengan RPP, (d) penilaian yang dilaksanakan tidak dapat untuk mengukur hasil pembelajaran karena evaluasinya tidak tepat yaitu bukan membaca tetapi menirukan guru, (e) semua siswa belum bisa membaca huruf Jawa dengan benar karena siswa belum hafal huruf Jawa *legena*, sandangan lan pasangannya.

Kata kunci: Pembelajaran membaca huruf Jawa, SMPLB Tunagrahita Ringan, huruf Jawa, penelitian studi kasus

ABSTRACT

Bekti Winoto, 10 PCS 01030 “PASINAON MAOS AKSARA JAWI (Case Study in Class IX A Mild Mental Retardation SMPLB of SLB Negeri 1 Yogyakarta, Mergangsan Sub-district of Yogyakarta City odd semester of academic year 2013/2014)”. Thesis: Post Graduate Program of Widya Dharma Klaten University.

Formulation of the problem of this research is (1) How the implementation of the teaching learning to read the letters of Java in Class IX A SMPLB mild mental retardation of SLB Negeri 1 Yogyakarta odd semester of academic year 2013/2014.

The method used is qualitative descriptive research with case study approach to teaching reading letters of Java in class IX A SMPLB mild mental retardation of SLB Negeri 1 Yogyakarta odd semester of academic year 2013/2014. Data Identity Statement (PID) obtained from the observation by recording. The text recording is written in the form of a multi-column consisting of networking site. Each network contains a theme then composed data identity statement (PID). In this study there were 95 PID then reduced to 74 Main Data Unit (Udaut). Udaut is then discussed. The discussion consists of aspects: teacher, students, materials, methods, and assessment.

Based on the analysis of the data, it can be concluded (1) implementation of learning to read the letters of Java: (a) the teacher did not master the material to read the letters of Java, (b) simple material, (c) learning using a question and answer method, (d) assessment carried out can not be used to measure the outcomes of learning to read letters of Java, (e) all students can't read the letters of Java properly. (2) the cause of implementation of learning to read the letters of Java, (a) the teacher did not master the material to read the letter of Java because the educational background is not majoring in Javanese S1 degrees, (b) simple material as tailored to the characteristics of mild mental retardation, (c) the method used is not in accordance with the lesson plan, (d) assessment can not be carried out of measure the learning outcomes for the evaluation is not appropriate because that is not read but mimicked the teacher, (e) all the students can not read the letters of Java correctly because the students have not memorized the letters of Java Legena, Sandangan, and its Pasangan.

Key words: learning Java Letters, Mild Mental Retardation SMPLB, letters of Java, case study research

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Bangsa Indhonesia inggih punika bangsa ingkang sugih ing kabudayan, bangsa Indhonesia kagungan tetilaran saking para leluhur ingkang awujud kabudayan, mliginipun kabudayan Jawi. Kabudayan Jawi samangke kawontenanipun taksih saget dipunpirsani saha dipunleluri dening generasi mudha, ingkang awujud: *Bangunan*, basa, buku saha seratan. Tetilaran ingkang awujud *bangunan* inggih punika: Candhi Prambanan, Candhi Borobudhur lan sapanunggalanipun. Satunggalipun tetilaran kabudayan Jawi sanesipun ingkang dipunleluri inggih punika basa Jawi. Sasanesipun punika taksih kathah tetilaran para leluhur ingkang awujud buku inggih punika: Wulangreh, Wedhatama. Wondene ingkang awujud seratan mliginipun ing tatah Jawi inggih punika aksara Jawi. Aksara Jawi anggenipun ngleluri dipunlebetaken wonten ing pasinaon *muatan lokal* basa Jawi.

SLB Negeri 1 Yogyakarta mapan wonten satengahipun kitha Ngayogyakarta ingkang caket kaliyan Karaton Kasunanan Ngayogyakarta saha Pakualaman Ngayogyakarta, peneripun wonten ing JL. Bintaran Tengah 3 Wirogunan Mergangsan Yogyakarta. SLB Negeri 1 Yogyakarta ngginakaken kurikulum KTSP, ingkang lebetipun wonten kurikulum *mata pelajaran muatan lokal* basa Jawi ingkang anggadhahi sekawan *kompetensi* ingkang kedah dipunwucalaken saha dipunsinau dening para siswa inggih punika: nyemak,

micara, maos, nyerat. Salebetipun kurikulum kalawau dipunsebataken bilih *Standar Kompetensi* ing aspek maos, siswa saged medharaken penggalihan, gagasan, pemanggih, saha pangraos kanthi lisan lumantar maos seratan aksara Jawi. Wondene ing *Kompetensi Dasar* mliginipun kelas IX nyakup pasinaon maos aksara Jawi.

SLB Negeri 1 Yogyakarta inggih punika salah satunggalipun sekolah ingkang nggulawenthah lare-lare ingkang kirang utawi kasebat *Anak Berkebutuhan Khusus (ABK)*. Wonten ing pasinaon para siswa kapantha dados kalih *ketunaan* inggih punika *Tunagrahita Ringan (C)* saha *Tunagrahita Sedang (C1)*. Kurikulum KTSP ingkang kaginakaken ing sekolah mliginipun ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan ingkang dipuntaliti dening panaliti benten kaliyan sekolah ing SMP umum awit *IQ* ing Tunagrahita Ringan namung 55 dumugi 75. Wondene ingkang kawastanan Tunagrahita Sedang (C1) nggadhahi *IQ* 25 dumugi 54 lan lare ingkang kagolong *Tunagrahita Sedang* dipunwastani ugi siswa *mampu latih*. Siswa *Tunagrahita Sedang* utawi siswa *mampu latih* wonten pasinaon saben dintenipun boten nengenaken pasinaon *aspek kognitif* namung pasinaonipun babagan *Bina diri* satemah saget *mandiri*. Adhedhasar kasunyatan kalawau, panaliti namung naliti ing *Tunagrahita Ringan*.

Panaliti anggenipun ningali pasinaon ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan ingkang wonten ing wewengkon Kota Yogyakarta miturut guru ingkang mucal basa Jawi, pasinaon maos aksara Jawi kirang narik kawigatosanipun siswa lan asilipun kirang maremaken. Saperangan ageng taksih kathah siswa ingkang bijinipun kirang saking *Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM)*.

Pasinaon maos aksara Jawi dipunraosaken para siswa awrat. Kathah siswa ingkang angel manawi ngapalaken aksara Jawi. Menawi dipunwucal ngengingi maos aksara Jawi, siswa kirang greged awit sampun nggadhahi pemanggih utawi panganggep manawi maos aksara Jawi mesthi mboten saged. Gregedipun para siswa manawi maos saha nyerat aksara Jawi sanget kirang.

Para dwija ingkang mucal Basa Jawi dereng sedaya jumbuh kaliyan pendhidhikanipun. Tegesipun taksih wonten guru ingkang pendhidhikanipun utawi ijasahipun sanes basa Jawi, kapeksa mucalaken. Seserepan ngengingi maos aksara Jawi taksih kirang, lan kathah para dwija menawi manggihi materi ingkang dipunraosaken awrat kalebet maos aksara Jawi boten dipunparingaken utawi dipuntilar satemah dwija ingkang mucal wonten kelas nginggilipun kapeksa kawratan anggenipun mucal maos aksara Jawi.

Wonten ing SLB Negeri 1 Ngayogyakarta taksih wonten guru ingkang boten mumpuni ing materinipun, cara (*metode*), pola, saha *pendekatan* pasinaon ingkang dipunginakaken taksih tradhisional. *Metode* ingkang dipunginakaken boten *variatif*, satemah boten saged narik kawigatosanipun para siswa, satemah anjalari siswa boten wonten greget sinau lan jeleh. Ing wekasaning pasinaon sesorah, guru namung maringi garapan utawi tugas ingkang dipungarap lare wonten griya utawi sawawining jam pasinaon. Tugas ingkang sampun dipungarap saha dipunkempalaken, mesthinipun dipuntaliti guru saha dipunwangsulaken malih dhateng lare. Kanyatan kathah guru ingkang boten mangsulaken garapan punika dhateng para siswa, anjalari siswa boten mangertosi asilipun.

Asilipun pasinaon kedah wonten panyengkuyung ingkang awujud buku-buku. Ing perpustakaan-perpustakaan sekolah ingkang dipun*survei*, buku-buku utawi waosan, kathah-kathahipun sanes babagan basa Jawi. Inkang ngginakaken basa Jawi saha babagan basa Jawi taksih kirang sanget. Mliginipun buku-buku utawi waosan bab maos saha nyerat aksara Jawi taksih kirang, kepara malah boten wonten.

Wekdal ingkang dipuncawisaken kangge *mata pelajaran* basa Jawi namung 2 (kalih) *jam pelajaran* saben minggunipun. Bahan pasinaon ingkang kedah dipunparingaken kathah, boten mligi maos saha nyerat aksara Jawi kemawon. Ngengeti wekdal ingkang sumadiya, guru kedah saged mantha-mantha wekdal supados sedaya materi ingkang wonten ing kurikulum saged dipunwucalaken.

Bab-bab ingkang kaandharaken ing nginggil nedahaken bilih woten pinten-pinten prakawis ngengingi pasinaon sesorah pepisahan. Ngengeti prakawis-prakawis kasebat, panyerat badhe ngawontenaken panaliten lampahing pasinaon maos aksara Jawi. Boten sedaya SLB ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta badhe dipuntliti. Panyerat namung ngawontenaken panaliten ing SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta kangge madosi sabab-musababipun asiling pasinaon boten maremaken utawi boten jumbuh kaliyan ingkang dipunpikajengaken sekolah.

Panyerat milih SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta kanthi tetimbangan, pawiyatan punika mapan ing satengahing kitha lan caket kaliyan Karaton Kasultanan Ngayogyakarta ingkang saged kangge tetimbangan

mangertosi lumampahipun pasinaon basa Jawi SMPLB Tunagrahita Ringan sanesipun, saha nggadhahi ancas nguri-nguri lan ngrembakakaken budaya Jawi mliginipun maos aksara Jawi. Ing SMPLB *Tunagrahita Ringan* SLB Negeri 1 Yogyakarta punika wonten tiga *rombel*, inggih punika A, B, C, lan sanesipun SMPLB *Tunagrahita Sedang*. Panaliten namung mligi ing kelas IX a, amargi kelas IX a mujudaken kelas ingkang tataranipun inggil lan sampun mapan. Dipunwastani tataran inggil, awit ing SMP wonten kelas VII, VIII, lan IX. Dene sampun mapan, kanthi *psikologis* siswa sampun saged *adaptasi* kaliyan lingkungan sekolah. Siswa kelas VII taksih *transisi* utawi pindhahan saking SDLB. Kelas VIII SMPLB Tunagrahita Ringan taksih kawratan anggenipun maos saha nyerat aksara Jawi. Para siswa ingkang wonten kelas IX a asalipun saking kulawarga ingkang tiyang sepuhipun mawarni-warni. Wonten ingkang saking kulawarga Pegawai Negeri Sipil (PNS), polisi, wiraswasta, perangkat desa, karyawan, lan pensiunan PNS.

Irah-irahan panaliten punika “ Pasinaon Maos Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014).”

B. Idhidentifikasi Prakawis

Pinten-pinten prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil perlu dipunjlentrehaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipuntintingi. Adhedhasar lelarahaning prakawis ingkang sampun dipunaturaken saged dipuntintingi

prakawis-prakawis ingkang wonten sambung-rapetipun kaliyan pasinaon maos aksara Jawi kados ing ngandhap punika.

1. Pasinaon maos aksara Jawi boten narik kawigatosanipun ^{siswa} lan asilipun boten maremaken.
2. Kathah siswa ingkang angel manawi ngapalaken aksara Jawi.
3. Para dwija ingkang mucal *muatan lokal* basa Jawi dereng sedaya jumbuh kaliyan pendhidhikanipun.
4. Cara (*metode*), *pola*, saha *pendekatan* pasinaon ingkang dipunginakaken guru boten saged narik kawigatosaning siswa.
5. Para siswa kangelan anggenipun ngapalaken aksara jawi
6. Buku-buku pasinaon basa Jawi mliginipun babagan maos aksara Jawi taksih kirang.
7. Wekdal ingkang dipuncawisaken kangge mata pelajaran basa Jawi 2 (kalih) *jam pelajaran* saben minggunipun kamangka materinipun kathah.
8. Lampahing pasinaon ing babagan maos aksara Jawi taksih dereng saget lumampah sae awit para siswa taksih katingal mendel lan ketingal boten mudheng satemah gregedipun sinau babagan aksara Jawi boten wonten.

C. Wewatesaning Prakawis

Supados panaliten punika saged punjer dhateng prakawisipun saha saged dipun*analisis* kanthi lebet satemah ancasipun saged dipungayuh, pramila prakawisipun dipunwatesi.

Adhedhasar idhidentifikasi prakawis cacah 8 (wolu) ing nginggil, boten sedaya dipuntaliti. Panaliti milih angka wolu, inggih punika lampahing pasinaon maos aksara Jawi. Kanthi tetimbangan aksara Jawi menika wigatos sanget tumrap para mudha anggenipun nguri-nguri kabudayan Jawi, kamangka kathah para siswa ingkang boten saged maos aksara Jawi. Wonten panaliten punika prakawis dipunwatesi lampahing pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014.

D. Rancanganing Prakawis

Adhedhasar wewatesaning prakawis kasebat, pramila prakawis perlu dipunrumusaken supados arah panaliten dados cetha saha *sistemik*. Wonten panaliten punika, prakawisipun saged dipunrumusaken makaten.

1. Kados pundi pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014?
2. Kenging punapa pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan, semester ganjil tahun pelajaran 2013/2014 katindakaken kadosdene ingkang ketingal nalika panaliti *observasi*?

E. Ancasing Panaliten

Setunggaling panaliten nggadhahi ancas kangge ngrampungaken prakawis satemah asilipun maremaken jumbuh kaliyan ingkang dipungadhang. Supados arah panaliten punika cetha, runtut, pramila perlu dipunaturaken ancasipun kanthi

cetha. Adhedhasar rumusaning prakawis, panaliten punika ancasipun wonten kalih.

1. Ngandharaken pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014.
2. Mangertosi sebab musababipun pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014. kalaksanakaken kadosdene ingkang sumerep nalika katindakaken *observasi*.

F. Mumpangating Panaliten

Lumantar panaliten saget kapendhet kalih mumpangat inggih punika mumpangat *akademis* saha *praktis*. Mumpangat ingkang asipat *akademis* utawi *teoritis* saking panaliten punika kados ingkang kasebataken ing ngandhap punika.

1. Nambahi seserepan panaliti ingkang sampun dipungadhahi saderengipun.
2. Nyaosi pamikir dhateng para dwija ingkang migunani tumrap lampahing pasinaon mliginipun babagan maos aksara Jawi
3. Nyaosi atur pamrayogi dhumateng para pamundhut *kebijakan Pendidikan*.
4. Saget nambahi *referensi* dhateng panaliti sanes nalika naliti prakawis ingkang sami.

Sasanesipun punika taksi wonten mumpangat ingkang praktis inggih punika mumpangat ingkang asipat *implementatis* nggadhahi mumpangat ingkang miturut asiling panaliten dipunajab saged mumpangati tumrap tigang pihak, inggih menika:

1. Guru Muatan Lokal Basa Jawi

Asil panaliten punika kangge nyaosi atur pamrayogi ing lampahing pasinaon maos aksara jawi. Guru saged nindakaken pasinaonipun ing wekdal-wekdal selajengipun kanthi langkung sae lan menawi dipunpangguhaken prakawis (*kasus*), saged ngleresaken anggenipun ngayahi kuwajibanipun nalika ing pasinaon, mliginipun maos aksara Jawi.

2. Sekolah

Tumraping sekolah panaliten punika dipunajab saged dipunginakaken kangge ngrembakakaken pasinaon basa Jawi ingkang langkung sae ing SMPLB Tunagrahita Ringan.

3. Siswa

Siswa saged wuwuh seserepanipun kanthi maos asiling panaliten menika kangge mangertosi kados punapa maos aksara Jawi punika, kados pundi caranipun maos aksara Jawi ingkang leres satemah para siswa langkung greged gumregud sinau saha gegladhen, salajengipun langkung sae asilipun nyinau babagan aksara Jawi.

c. Motivasi pasinaon

Sawetawis pakar pendidikan (Abdul Majid: 2013; 308) ngendikakaen bilih motivasi punika dipun betahaken sanget ing saklebeting pasinaon, awit ing sakwenehing tiyang utawi siswa nalika nindakaken pasinaon mboten gadahi motivasi, ugi mboten badhe nindakaken pasinaon kanthi sae. Motivasi punika wonten ingkang tuwuh saking saklebeting pribadinipun siswa punika piyambak, nanging ugi wonten ingkang saking sakjawinipun siswa punika. Motivasi ingkang tuwuh saking sakjawinipun siswa saged karonu pangajak, dhawuh, utawi dipun peksa dening tiyang sanes. Ing salebeting pasinaon maos aksara jawi punika, dwija sampun nindakaken.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar pangrembagipun dhata ing Bab IV saking asiling observasi lampahing pasinaon maos aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014)” saha wawancara kaliyan guru lan siswa, wusana ngasilaken sakempalan dhata. Dhata dipunanalisis ngangge teori ingkang jumbuh lan trep, satemah ngasilaken dudutan kados makaten. Pasinaon maos aksara Jawi ing Kelas IX A SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta Kecamatan Mergangsan Yogyakarta Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2013/2014 katindakaken kirang sae. Guru anggenipin damel RPP sampun jangkep idhentifkasipun, inggih punika tingkat satuan pendidikan, mata pelajaran, kelas, semester lan tahun pelajaran. kajawi punika RPP sampun jangkep komponen-komonenipun, inggih punika nyakup Standar kompetensi, Kompetensi Dasar, Indhikator, alokasi wekdal, tujuan pasinaon, materi, metodhe saha evaluasi. Lampahing pasinaon mboten jumbuh kaliyan RPP-nipun, inggih punika ing perangan wiwitan dwija mboten mawi apersepsi, dwija mboten ngendikakaken gina lan paedahipun nyinau lan gladhen maos aksara Jawi. lajeng elaborasi ing materinipun, dwija kirang nguwaosi materi, pasinaon kirang variatif, evaluasi mboten trep saha konfirmasi mboten lumampah kados ingkang sinerat ing RPP. Ananging sanajan nggadhahi kekuranganipun, lampahing pasinaon saged lumampah kanthi gancar ngantos purnaning wekdak.

Methodhe ingkang trep ing pasinaon maos aksara Jawi ing SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negei 1 Yogyakarta inggih punika methodhe drill. Dwija anggenipun nindakaken evaluasi pasinaon nyebal saking rancangan pasinaon ingkang sampun dipuntemtokaken. Dwija mboten ngginakaken alat peraga aksara Jawi utawi medhia pasinaon ingkang trep.

Cak-cakanipun dwija ing lampahing pasinaon kados makaten kalawau awit dwija mboten kagungan kompetensi ingkang trep kaliyan kaprigelanipun maos aksara Jawi jalaran partisanipun mboten saking pendhidhikan basa Jawi ananging saking Pendidikan Luar Biasa. Kajawi punika dwija dereng nate nyinau maos aksara Jawi saderengipun lan mboten kagungan buku pranatan maos aksara Jawi ingkang trep. Bab punika ingkang njalari dwija kirang nguwaosi pasinaon maos aksara Jawi.

B. Implikasi

Sasampunipun katindakaken analisis dhata pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, saged ka-implikasi-aken kados ing ngandhap punika.

1. Pasinaon maos aksara Jawi ing tataran SMPLB Tunagrahita Ringan saged dipunindhakaken kanthi ngginakaken IT.
2. panguwaosing dwija babagan materi pasinaon aksara Jawi mliginipun kawasisan maos aksara Jawi kedah dipunindhakaken.

3. Panaliten maos aksara Jawi saged ngindhaken para dwija basa Jawi ing tataran SMPLB Tunagrahita Ringan anggenipun ngayahi jejibahan nguri-uri kabudayan Jawi mliginipun pasinaon maos aksara Jawi.
4. Pasinaon kanthi metodhe *Drill* saget nuwuhaken greged siswa anggenipun nyinau aksara Jawi ing tataran SMPLB Tunagrahita Ringan.
5. Tuwuhipun greged sinau kanthi maringi bebungah ingkang prayogi.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan asiling panaliten babagan pasinaon maos aksara Jawi ing kelas IX a SMPLB Tunagrahita Ringan SLB Negeri 1 Yogyakarta, panaliti ngaturaken pamrayogi kados ing ngandhap punika.

1. Dhateng dwija basa Jawi
 - a. Dwija kedah nyamektakaken ayahanipun inggih punika kanthi nyinau buku – buku ingkang jumbuh kaliyan materi.
 - b. Dwija kedah ngrakit lumadining pasinaon lumantar RPP kanthi *pendekatan PAIKEM* satemah mboten njuwarehi
 - c. Dwija kedah nuhoni RPP ingkang sampun kadamel lan dipundadosaken garan anggenipun ngleksanakaken pasinaon kangge nggayuh ancasing pasinaon ingkang sampun katemtokaken.
2. Dhateng Sekolah SLB Negeri 1 Yogyakarta

- a. Sekolah lumantar Dinas Pendidikan, Pemuda dan Olahraga DIY ngaturaken panyuwunan dwija basa Jawi ingkang jumbuh kaliyan kawasisanipun lan ingkang kagungan partisara S1 Pendhidhikan Basa Jawi.
- b. Sekolah kedah nyamektakaken pirantining pasinaon inggih punika buku-buku basa Jawi ingkang trep kaliyan lare tunagrahita ringan lan piranti sanesipun kadosta: tape recorder, DVD maos lan nyerat aksara Jawi, CD sinau aksara Jawi satemah pasinaon ingkang badhe katindakaken saged langkung ngremenaken para siswa.

KAPUSTAKAN

- Adi, Ki Begawan Tjipto. 2010. *Pepak Aksara Jawa*. Kedu: PT Widya Duta Grafika
- Amin.Moh. 1995. *Ortopedagogik Anak Tunagrahita*. Bandung. Depdikbud.Dirjen Dikti.
- Aunurrahman. 2010. *Belajar dan Pembelajaran*. Bandung:Alfabeta
- Astati, 1996. Pendidikan Tunagrahita Dewasa. Jakarta: Dirjen Dikti. P2TG
- Choirul Anam. 1986. *Psikologi anak luar biasa*. Yogyakarta. Andi Offset.
- Ciptoprawiro, Abdullah. 1986. *Filsafat Jawa*. Semarang: Media Wiyata.
- Darni. 2006. “Kompetensi Pengajar Bahasa dan Sastra Jawa” (*Kongres Bahasa Jawa IV Buku I Halaman 269 s.d 282*). Semarang: Gubernur Jawa Tengah
- Darusuprpto. 1996. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Departemen Pendididkan dan Kebudayaan. 1996. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan*.Jakarta: Ditjen Dikdasmen.
- Djamarah, Syaiful Bahri, Aswan Zain. 1999. *Strategi Belajar Mengajar*. Banjarmasin: Rineka Cipta.
- Fathurrohman, Pupuh dan M. Sobry Sutikno. 2007. *Strategi Belajar Mengajar Melalui Penanaman Konsep Umum & Konsep Islmai*. Bandung: PT. Refika Aditama
- Hamalik. Oemar. 2001. *Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Bumi Aksara
- Haryadipura, KRT. 2000. *Sesuluh Seratan Jawi*. Surakarta: Sanggar Pasinaon Pambiwara Karaton Surakarta Hadiningrat.
- Ismawati. Esti. 2012. *Perencanaan Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Penerbit Ombak

- _____. 2011. *Metode Penelitian Pendidikan Bahasa dan Sastra*. Surakarta: Yuma Pustaka
- Majid Abdul. 2013, *Strategi Pembelajaran*. Bandung. Remaja Rosdakarya
- Mangunsuwito, S.A. 2002. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: Yrama Widya
- Moleong, Lexy J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Mulyono, Sri. 2011. "Pembelajaran Membaca Huruf Jawa (Studi Kasus di Kelas VIII A SMP Negeri 1 Jenar Sragen Semester Gasal Tahun Pelajaran 2010/2011)" *Tesis*. Klaten: Universitas Widya Dharma.
- Ngadi. 2009. *Wewaton Nulis Aksara Jawa*. Klaten: CV. Sahabat.
- Roestiyah, N.K. 1998. *Didaktik Metodik*. Jakarta: Bumi Aksara
- Rusman. 2011. *Model-Model Pembelajaran Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Sayoga, Teguh Budi. 2006. "Komputerisasi Aksara Jawa Sebagai Media Pembelajaran Membaca dan Menulis Aksara Jawa" (Kongres Bahasa Jawa IV Buku I, Halaman 319 s.d 339). Semarang: Gubernur Jawa Tengah
- Sugiman. 2012. "Pembelajaran Membaca Huruf Jawa (Studi Kasus pada Siswa Kelas VIII E SMP Negeri 1 Karangmalang, Sragen Semester 1 Tahun Pelajaran 2011/2012)" *Tesis*. Klaten: Universitas Widya Dharma.
- Sugihartono, Kartika Nur Fathiyah, Farida Agus Setyawati, Farida Harahap, Siti Rohmah Nurhayati. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta: UNY Press
- Sugiyanto. 2008. *Model-Model Pembelajaran Inovatif*. Surakarta: Panitia Sertifikasi Guru Rayon 13.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta
- Suhaeri, HN. (1987). *Ortodidaktik Anak Tunagrahita III*, Bandung: Jurusan PLB-FIP-IKIP

- Sutopo, H.B. 2006. *Metode Penelitian Kualitatif*. Surakarta: Universitas Sebelas Maret
- Tarigan, Henry Guntur. 1979. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Wahyudin. 2008. *Pembelajaran dan Model-Model Pembelajaran*. Jakarta:IPA Abong.
- Wasana. 2011. *Trampil Maca lan Nulis Aksara Jawa*. Klaten: Cakrawala Baru
- Wena Made. 2009. *Strategi Pembelajaran Inovatif Kontemporer. Suatu Tinjauan Konseptual Operasional*. Jakarta. Bumi Aksara
- Widodo, Sri. 2006. *Asesmen Kemampuan Bina Dir Tunagrahitali*. Bandung: P3G PLB
- Yin, Robert K. 2002. *Studi Kasus Desain dan Metode*. Diterjemahkan oleh M. Djauzi Mudzakir. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.